

MAKNA FILOSOFIS SAJRONE TRADHISI GANTI LANGSE ING PETILASAN PRABU KERTABUMI

Febrian Suluh Chrisdyanto

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA, (febrian.suluh@ymail.com)

Abstrak

Kabudayan yaiku asil saka rriptan, rasa, lan karsa manungsa. Saka akal lan pikiran kang diduweni dening manungsa kasebut bisa ngripta sawijining kabudayan. Kabudayan kang isih dilakoni dening masyarakat salah sijine yaiku arupa tradhisi. Salah siji tradhisi kang isih ditindakake nganti saiki yaiku Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Tradhisi kasebut ana ing Kabupaten Ngawi. Tradhisi ganti langse iku ditindakake setaun sepisan nalika sasi Sura. Saliyane iku ing tradhisi iki uga ana tata laku lan uba rampene. Sajrone tata laku lan ubarampe kasebut ngandhut simbol-simbol kang nuduhake tujuan tartamtu. Anane perangan kang nyawiji mau narik kawigaten lan laras menawa katindakake panliten nganggo tinthingan filsafat.

Bab kang dadi underaning panliten iki, yaiku: (1) kepriye asal-usuling Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi, (2) kepriye tata lakune tradhisi kasebut, (3) kepriye wujud lan makna ubarampe tradhisi kasebut, lan (4) kepriye makna filosofis Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Panliten Tradhisi Ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi iki bakal nggunakake *ancangan kualitatif dheskriptif*. Metode lan teknik ngumpulake data kang digunakake yaiku *observasi*, cathetan, dokumentasi, rekam, lan wawancara. Ngolah lan tatacarane nganalisis data sajrone panliten Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi yaiku: (1) *open coding* yaiku golek saakehe *variasi* data kang ana gegayutane karo topik panliten kasebut, (2) *axial coding* yaiku data saka *open coding* dikumpulake miturut *kategori* banjur dikembangake lan dianalisis, kayata makna filosofis sajroning Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi, lan (3) kang pungkasan *selective coding* yaiku panulis *klarifikasi* lan menehi dudutan saka data kang wis dianalisis. Lelandhesaning teori minangka lelandhesan anggone nintingi data sajrone panliten ngenani Tradhisi Ganti Langse yaiku nggunakake teori simbol lan konsep kang diandharake Saryono (2011) yaiku merang nilai *filosofi* sajrone budaya Jawa.

Asiling panliten kasebut yaiku ngenani tradhisi ganti langse, tata lakune tradhisi ganti langse, wujud lan makna ubarampe, sarta makna filosofis sajrone tradhisi ganti langse. Sajrone tata lakune tradhisi kasebut diperang dadi telu, yaiku (1) tahap wiwitan: nyusun panitia, kerja bakti, nyiapake papan panggonan, lan nyiapake piranti lan ubarampe, (2) tahap inti: ganti langse ing petilasan kasebut, slametan, andum langse, lan (3) tahap pungkasan: pagelaran kethoprak, tari bedaya Srigati, lan pagelaran wayang kulit. Wujud lan makna ubarampe kaperang dadi loro, yaiku piranti sajrone Tradhisi Ganti Langse lan ubarampe sajrone adicara slametan. Lan makna filosofis sajrone Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi ngandharake ngenani (1) nilai kemapanan: pepesthen, *keteraturan*, kaajegan, (2) nilai kasalarasan: kajatmikan, karukunan, pakurmatan, lan kaagungan, (3) nilai bebarengan: kaluwargan, tulung-tinulung, gotong-royong, lan katentreman, lan (4) nilai religi.

Tembung wigati: makna filosofis, nilai, tradhisi ganti langse, simbol, wujud lan makna.

A. PURWAKA

Kabudayan yaiku asil saka rriptan, rasa, lan karsa manungsa. Manungsa minangka titah kang paling mulya ing donya nduweni kaluwihan tinimbang titah-titah rriptane liyane. Kaluwihan kang diduweni manungsa tinimbang titah liyane yaiku akal lan pikiran. Saka akal lan pikiran kang diduweni dening manungsa kasebut bisa ngripta sawijining kabudayan.

Sajroning bebrayan masyarakat tinemu maneka warna kabudayan kang dadi pribadine masyarakat. Kabudayan uga ngandhut babagan norma-norma utawa nile-nile sing diugemi dening masyarakat. Kabudayan iku asale saka pikirane manungsa lan kabudayan diripta dening manungsa. Senajan kabudayan diripta dening manungsa iku dhewe, nanging kabudayan bisa njalari manungsa iku nduweni budi kang luhur. Kayata sing

diandharake dening Suparlan (sajroning Sudikan, 2001:2) kabudayan minangka ilmu kang bisa mujudake sawijining *kesatuan* ide sing ana ing pamikirane manungsa.

Miturut Koentjaraningrat (1987:2) isi kabudayan ana pitu, yaiku 1) Sistem organisasi masyarakat, 2) Sistem religi lan upacara keagamaan, 3) Sistem pengetahuan, 4) Basa, 5) Kesenian, 6) Sistem mata pencaharian hidup, lan 7) Sistem teknologi lan piranti. Saka perangan ing dhuwur bisa didudut menawa sajroning kabudayan mau ana pitung unsur kang ana gegayutane antarane siji klawan liyane. Kabudayan wis dadi babagan kang penting sajroning panguripane masyarakat. Mula saka iku kabudayan kudu dijaga minangka warisane para leluhur kang wis dadi landhesaning urip.

Kabudayan minangka warisane leluhur iku maneka werna wujud lan wus sumebar ing tlatah Indonesia. Salah sijine yaiku kabudayan kang ana ing masyarakat Jawa kanthi aran Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Tradhisi kasebut ana ing Kabupaten Ngawi. Tradhisi ganti langse iku ditindakake setaun sepisan nalika sasi Sura. Ganti langse wis dadi adat pakulinan masyarakat wiwit jaman biyen nganti saiki.

Tradhisi Ganti Langse iku tradhisi kang ditindakake ing petilasane prabu Kertabumi utawa prabu Brawijaya V. Ganti Langse yaiku ngganti gubah utawa slambu ing petilasan kasebut. Ganti gubah kasebut nduweni makna prabu Kertabumi mlebu agama Islam. Mula saben setaun sapisan ing wayah sasi sura ing patilasan kasebut dianakake tradhisi kang diarani Tradhisi Ganti Langse. Saliyane iku ing tradhisi iki uga ana tata laku lan uba rampene. Sajrone tata laku lan ubarampe kasebut ngandhut simbol-simbol kang nuduhake tujuan tartamtu. Tradhisi lan kabudayane masyarakat Jawa umume ngandhut filsafat. Manungsa ing alam donya iki dikebaki dening filsafat kang kinandhut sajroning panguripane. Kanthi kaya mangkono filsafat nduweni teges hasrat utawa pepenginan kang tumemen kanggo nggayuh hakikat bebener kang sejati.

Miturut Purwadi (2007:5) filsafat yaiku asil pikirane manungsa kang kritik lan diandharake sajroning wujud kang sistematis. Filsafat yaiku asil pikirane manungsa kang paling jero. Filsafat mono asil saka analisa lan abstraksi. Filsafat minangka pamawas urip manungsa. Saka andharan ing dhuwur bisa dimangerteni filsafat yaiku babagan kawruh kanggo mengeti samubarang guna bisa nggayuh bebener. Filsafat uga bisa ditegesi ngenani sipat-sipate manungsa sajroning ngadhepi prakara urip kang nduweni pamawas amba. Saka asil pamikiran manungsa kang amba iki, samubarang kang ditindakake dening manungsa bisa nduweni filsafat. Saka perangan urip saben dina, filsafat uga akeh ditemokake menawa manungsa iku mau gelem nggunake lan nyinaoni babagan filsafat kasebut. Filsafat uga ana ing sajrone budaya lan tradhisi, mligine budaya Jawa. Mula kabudayan kudu tetep dilestarekake, amarga sajroning kabudayan iku mau nduweni nile-nile filsafat kang becik kanggo urip bebrayan.

Andharan ing dhuwur bisa diterangake menawa saben tradhisi ing masyarakat Jawa ngandhut filsafat. Semono uga sajroning Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Panliten ngenani makna filosofi sajrone Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi durung nate diteliti sadurunge. Nanging panliten iki dudu panliten sepisan kang nggunakake tintingan filsafat kanggo nintingi objeke. Wus ana panliten sadurunge kang nggunakake titntingan kang saemper sajrone nintingi objeke.

Tradhisi Ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi yaiku sawijining tradhisi kang terus ditindakake dening masyarakat. Tujuan saka tradhisi iki yaiku kanggo ngenang Prabu Kertabumi kang mlebu agama Islam lan nyebarake agama Islam ing masyarakat. Tradhisi Ganti Langse iki minangka warisan leluhur kang nduweni nile-nile tumrap panguripane manungsa. Saben

setaun sapisan ing sasi sura, Tradhisi Ganti Langse dianakake ing Desa Babadan Kecamatan Paron Kabupaten Ngawi. Sajroning tradhisi kasebut akeh masyarakat kang nyengkuyung, amarga nganggep tradhisi iki warisane para leluhur kang kudu terus dijaga lan dilestarike.

B. METODHE

Ing panliten Tradhisi Ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi iki bakal nggunakake ancangan *kualitatif dheskriptif*. Miturut Sudikan (2001:85) panliten kualitatif kang asipat deskriptif yaiku nyathet sakabehing kadadeyan-kadaeyan penting kanthi cara wawancara, rekam, photo, tape, dokumen, lan sapiturute. Bogdan lan Taylor (sajrone Moleong, 2011:4) *metedologi kualitatif minangka prosedur* panliten kang ngasilake data *deskriptif* arupa tembung-tembung katulis utawa lesan saka tumindake manungsa-manungsa kang bisa diamati.

Sajroning panliten perlu anane sumber data lan data. Sumber data lan data minangka bab kang wigati tumrap panliten. Salah sijine sumber data utama ing panliten kabudayan ngenani Tradhisi Ganti Langse iki awujud asiling wawancara lan dokumentasi. Data asiling wawancara lan dokumentasi iku luwih *akurat* utawa trep amarga langsung terjun ing lapangan lan wawancara kanthi langsung marang *informan*. Data ing panliten tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi iki arupa data lesan. Data lesan kasebut asil saka wawancara lan rekaman marang para narasumber ngenani tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Metode lan teknik nglumpukake data kang digunakake yaiku observasi, cathetan, dokumentasi, rekam, wawancara

Tata cara analisis data sajrone panliten ngenani tradhisi Ganti Langse kaperang dadi telu yaiku *open coding*, *axial coding*, lan *selective coding*. (1) *open coding* yaiku golek saakehe variasi data kang ana gegayutane karo topik panliten kasebut, (2) *axial coding* yaiku data saka *open coding* dikumpulake miturut *kategori* banjur dikembangake lan dianalisis, kayata makna filosofis sajroning Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi, lan (3) kang pungkasan *selective coding* yaiku panulis *klarifikasi* data lan menehi dudutan saka data kang wis dianalisis.

C. ANDHARAN

1. Kahanan Alam Desa Babadan

Desa Babadan minangka papan panggonan tradhisi ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi ditindakake. Desa Babadan kalebu wewengkon Kecamatan Paron Kabupaten Ngawi Provinsi Jawa Timur. Desa kasebut bisa ditempuh kanthi jarak 12 Km saka kutha Ngawi, lan 4 Km saka Kecamatan Paron. Ing desa kasebut dumadi saka 39 RT - 11 RW kang diperang dadi limang dhusun yaiku dhusun Babadan I, dhusun Babadan II, dhusun Nanggalan, dhusun Brendil, lan dhusun Jatisari.

Supaya luwih cetha anggone mangerteni kahanan masyarakat desa Babadan, mula ing ngisor iki bakal dijlentrehake ngenani kahanan bebrayan, penduduk desa Babadan, sistem pangupajiwa masyarakat desa

Babadan, pendidikan masyarakat desa Babadan, kahanan ekonomi masyarakat desa Babadan, lan agama kang dianut dening masyarakat desa Babadan.

a. Kahanan Bebrayan

Desa Babadan minangka desa *agraris*, amarga masyarakat akeh sing dadi tani. Desa Babadan mujudake desa kang kalebu subur, amarga maneka warna jinis tanduran bisa ditandur. Lahan pertanian kurang luwih ambane 753 HA. Bab iki nuduhake pakaryan utama masyarakat desa Babadan yaiku olah tetanen. Jinis-jinis tanduran ing desa Babadan maneka warna, kayata pari, jagung, tela, kacang-kacangan, dele, lan sayur-sayuran.

Saliyane dadi desa *agraris*, saperangan masyarakat mbudidayakake peternakan. Peternakan kang dibudidayakake masyarakat kayata ternak pitik potong, pitik petelur, lele, lan bebek. Kahanan alam kang subur lan banyune sing akeh, cocog kanggo area olah tetanen lan budidaya maneka warna peternakan. Kabeh iku mau, bisa nyengkuyung kebutuhan ekonomi masyarakat desa Babadan.

b. Penduduk Desa Babadan

Adhedhasar arsip desa Babadan akhir wulan Desember taun 2012, penduduk desa Babadan ana 5885 jiwa. Penduduk cacah 5885 jiwa iku, kaperang saka 2894 priya lan 2991 wanita.

Tabel 4.1

**Cacah Penduduk Desa Babadan Taun 2012
Adhedhasar Umur**

No.	Umur (Taun)	Priya	Wanita	Cacah
1.	0-5	186	218	404
2.	6-10	175	197	372
3.	11-15	219	228	447
4.	16-20	205	224	429
5.	21-25	223	245	468
6.	26-30	202	214	416
7.	31-35	186	193	379
8.	36-40	122	136	258
9.	41-45	192	173	365
10.	45-50	199	181	380
11.	51-55	118	130	248
12.	56-60	139	158	297
13.	61-65	177	189	366
14.	66-70	158	179	337
15.	71-75	166	195	361

16.	75-80	98	117	215
17.	>80	59	84	143
Total		2824	3061	5885

Sumber: Arsip desa Babadan taun 2012

c. Sistem Pangupajiwa Masyarakat Desa Babadan

Sistem Pangupajiwa kang diduweni masyarakat desa Babadan iku maneka warna. Adhedhasar data saka arsip desa Babadan taun 2012, pakaryan kang paling akeh diugemi dening masyarakat desa Babadan yaiku tani. Masyarakat akeh kang dadi tani, jalaran kahanan desa babadan subur. Kahanan desa kang subur kasebut bisa kanggo mbudidayakake maneka macem tanduran. Tanduran sing paling akeh dibudidayakake dening masyarakat yaiku pari, jagung, tela, kacang, dhele, sayuran, lan woh-wohan. Pari minangka tanduran sing paling akeh ditandur nduweni area watara 515 HA. Jagung ditandur ing area watara 70 HA. Tela ditandur ing area watara 75 HA. Semono uga, kacang watara 5 HA, dhele watara 80 HA, sayuran watara 7,6 HA, lan woh-wohan ana 8943 wit.

d. Pendidikan Masyarakat Desa Babadan

Pendidikan mujudake sarana kanggo nemtokake pola pikir masyarakat. Masyarakat kang nduweni pendidikan kang dhuwur bakal nduweni wawasan sing amba lan pola pikir sing maju. Pola pikir kang maju kasebut bisa nggampangake anggone nampa lan milah-milah samubarang kang mlebu ing lingkungan masyarakat. Suwalike, sansaya cendhek tingkat pendidikan bakal sansaya angel anggone nampa samubarang kang anyar. Apa maneh bab sing anyar ora cundhuk karo pranatan sing ana ing masyarakat.

Masyarakat ing desa Babadan tamatan SD mujudake tamatan paling akeh. Bab sing kaya mangkono njalari masyarakat desa Babadan isih kurang ing babagan pendidikan. Masyarakat desa kasebut angel nampa babagan anyar. Apa maneh bab kang ora cundhuk karo pakulinane masyarakat.

e. Kahanan Ekonomi Masyarakat Desa Babadan

Masyarakat desa Babadan kaperang saka 1849 KK (Kepala Keluarga). Dideleng saka kahanan omah penduduk, kahanan ekonomi masyarakat desa Babadan kalebu menengah. Omah penduduk desa Babadan kaperang dadi loro, yaiku adhedhasar bahan bangunane lan adhedhasar bahan mester.

Adhedhasar bahan bangunane, bahan bata paling akeh digunakake, yaiku ana 797 omah. Adhedhasar bahan mester, bahan bata utawa semen rabatan paling akeh digunakake yaiku ana 382 omah. Katrangan kasebut bisa nuduhake yen kahanan ekonomi desa Babadan kalebu menengah.

f. Agama Masyarakat Desa Babadan

Agama minangka kapitayan sing diduweni saben manungsa. Manungsa nduweni cara dhewe-dhewe kanggo ngungkapake rasa kapitayane tumrap Pangeran.

Saben manungsa uga bebas nemtokake agamane tanpa ana sing meksa. Semono uga masyarakat desa Babadan kang bebas anggane nemtokake agama sing dipercaya. Sajroning masyarakat desa Babadan tuwuh saperangan agama sing ngrembaka, kayata Islam, Kristen, Katolik, lan Budha. Masyarakat desa Babadan pancen ngenut kapitayan kang maneka warna, nanging karukunan sajrone masyarakat tetep kajaga. Masyarakat uga ora mbedak-bedakake agama sing dianut dening saben-saben pawongan.

g. Sesambungan Etnografis Karo Tradhisi Ganti Langse

Panliten etnografi yaiku kagiyatan pangumpulan bahan katrangan utawa data kang ditindakake kanthi cara sistematis ngenani tata lakune masyarakat, saengga saka katrangan kasebut bisa digawe *deskripsi* ngenani kabudayan sajrone masyarakat kasebut. Sesambungan etnografis marang tradhisi uga kagambar sajrone tradhisi ganti langse lan kahanan masyarakat desa Babadan. kahanan kasebut kayata kahanan bebrayan, penduduk desa Babadan, sistem pangupajiwa masyarakat desa Babadan, pendidikan masyarakat desa Babadan, kahanan ekonomi masyarakat desa Babadan, lan agama kang dianut dening masyarakat desa Babadan.

Kahanan masyarakat kasebut kang ndadekake tradhisi ganti langse isih terus ditindakake minangka warisan leluhur. Sajrone tradhisi kasebut nyakup *deskripsi* saka *benda-benda*, tumindak, prastawa kang ana ing panguripan sosial masyarakat. Mula saa iku kahanan etnografis masyarakat desa Babadan uga nduweni gegayutan sajrone tradhisi ganti langse. Amarga masyarakat minangka pelaku saka tradhisi kasebut.

2. Tradhisi Ganti Langse Ing Petilasan Prabu Kertabumi

Tradhisi ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi minangka warisan saka leluhur kang isih dilestarikake lan ditindakake dening masyarakat. Tradhisi kang manggon ing desa Babadan Kecamatan Paron Kabupaten Ngawi, wus dadi kagiyatan taunan kang ditindakake saben tanggal 14-15 wulan Sura.

Petilasan kang mesti rame ditekani masyarakat ing wayah sasi Sura iki wus dadi salah siji obyek wisata ing daerah Kabupaten Ngawi. Ganti langse yaiku ganti mori utawa slambu putih sing nutupi Petilasan Prabu Kertabumi. Supaya luwih cetha mangerteni tradhisi kasebut, bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

a. Mula Bukane Tradhisi Ganti Langse

Petilasan Prabu Kertabumi manggon ing Alas Ketonggo, Desa Babadan, Kecamatan Paron, Kabupaten Ngawi. Akeh pawongan kang ngarani papan iki kanthi aran Srigati. Miturut Mbah Marji minangka juru kunci, papan sing manggon ing Alas Srigati iki jaman biyen minangka papan kanggo leren sinuwun Brawijaya V utawa Prabu Kertabumi. Prabu Kertabumi teka Alas Ketonggo amarga Majapahit diserang dening prajurit Demak, sing dipandhegani dening Raden Patah ing taun 1293. Ing Alas Ketonggo kasebut Prabu Kertabumi oleh

hidayah supaya nindakake lelaku menyang Gunung Lawu. Ing papan iki uga Prabu Kertabumi utawa sinuwun Brawijaya V nggilut agaman Islam, jejuluk Sunan Lawu. Prabu Brawijaya V nyopot kabeh tandha kakuwasane kayata jubah raja, mahkota, lan kabeh samubarang pusaka saka kratone. Kadadeyan kasebut njalari masyarakat nindakake tradhisi ganti langse saben taun ing wayah sasi Sura. Tradhisi ganti langse nduweni makna Prabu Kertabumi nyopot ageman kanalendran ganti gelar dadi Sunan Lawu. Masyarakat nindakake ing wulan Sura, amarga masyarakat nduweni kapitayan menawa wulan Sura iku wulan kang suci lan sakral tumrap masyarakat Jawa. Kaya kang diandharake dening Mbah Marji ing ngisor iki.

“Miturut sejarah asal usuling Tradhisi Ganti Langse dijumbuhake nalika Prabu Kertabumi utawa sinuwun Brawijaya V mlayu saka Majapahit amarga anane pemberontakan saka Demak ing taun 1293, sing dipandhegani dening Raden Patah. Petilasan ing Srigati yaiku papan sing digunakake nalika Sinuwun Brawijaya kaping V melepaskan baju kanalendran utawa pakaian raja badhe ganti gelar Sunan. Amarga Prabu Kertabumi nindakake laku ing Gunung Lawu, mula diarani Sunan Lawu. Kanggo mengeti babagan sing kaya mangkono, mula saben taun ing wayah sura masyarakat nganakake Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Maknane tradhisi kasebut yaiku nuduhake nalika Prabu Kertabumi ganti gelar Sunan Gunung Jati”. (Marji, 25 November 2012)

Andharan kasebut nerangake yen Petilasan Prabu Brawijaya V iki papan panggon sinuwun Brawijaya V miwiti laku tumuju Gunung Lawu saperlu ganti gelar Sunan. Kanggo mengeti babagan sing kaya mangkono, saben taun ing wayah sasi Sura dianakake tradhisi kanthi aran tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Petilasan kasebut ditemokake dening Kepala Desa Babadan kang Soma Darmojo taun 1963. Soma Darmojo nemokake arupa gundukan lemah sing thukul saben dina. Lemah kasebut wujud atos kaya watu karang. Sabanjure ing taun 1974, papan kasebut ditekani dening Gusti Dorajatun IX saka Kraton Yogyakarta. Gusti Dorajatun ngandharake petilasan kasebut perangan saka sejarah Majapahit. Dening Gusti Dorajatun petilasan kasebut diwenahi jeneng Palenggahan Agung Srigati utawa luwih kawentar Petilasan Prabu Kertabumi. Sajroning Petilasan Prabu Kertabumi iki ana maneka warna barang-barang sing kanthi simbolik nglambangake kadigdayane Majapahit, kayata arupa mahkota raja, tombak pusaka, gong, jubah, lan liya-liyane.

b. Kapitayan Masyarakat Tumrap Tradhisi Ganti Langse

Tradhisi Ganti Langse yaiku salah siji tradhisi sing dianakake ing desa Babadan. Senajan ing desa

Babadian akeh maneka werna kabudayan, nanging tradhisi Ganti Langse kang paling misuwur. Saben taun akeh masyarakat kang teka ing Petilasan Prabu Kertabumi. Saliyane kanggo mengeti nalika Prabu Kertabumi nyopot gelar raja lan ganti gelar Sunan Gunung Jati, masyarakat teka amarga pengen dedonga marang Gusti supaya kekarepane bisa kawujud. Kahanan kasebut dideleng nalika para masyarakat padha mlebu ing petilasan Prabu Kertabumi lan nindakake ritual tartamtu.

Para masyarakat nduweni kapitayan yen dedonga ing Petilasan Prabu Kertabumi kabeh tujuwan lan panjaluke bisa kawujud. Miturut Mbah Marji kabeh mau amung prantara wae, kabeh panjaluk iku bisa kawujud yen kita dedonga marang Gusti Kang Kuwasa. Kaya kang diandharan ing ngisor iki.

“Akeh para masyarakat sing teka ing Petilasan Prabu Kertabumi. Masyarakat sing teka ora mung saka desa Babadan wae, nanging wis saka ngendi-ngendi kayata Magetan, Medun, Pacitan, Solo, Nganjuk, Karanganyar, lan sapiturute. Kabeh masyarakat sejatine amung pengen dedonga ing Petilasan kasebut. Tujuwan saka donga saben-saben masyarakat iku beda-beda. Nanging yen dedonga njaluk marang bangsa lelembut iku salah kaprah. Sing bener tetep dedonga mring Gusti, kabeh mau amung prantara wae”. (Marji, 25 November 2012)

Andharan ing dhuwur nuduhake masyarakat isih percaya marang sawijine tradhisi. Senajan masyarakat mangerteni samubarang iku bisa kawujud nalika dedonga marang Gusti, nanging isih akeh pawongan kang nindakake dedonga ing Petilasan Prabu Kertabumi. Kapitayan masyarakat tumrap tradhisi kasebut isih kuwat lan kajaga nganti saiki nalika ana saperangan kahanan kang ora bisa dinalar. Kadadeyane nalika sawise andhum langse tilas panutup petilasan ana saperangan pawongan kang slamet saka musibah.

3. Tatalakune Upacara Tradhisi Ganti Langse

Ing bab iki bakal diandharake ngenani aspek tatalaku sajrone tradhisi ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Tatalakune upacara tradhisi ganti langse kaperang dadi telung trap-trapan, yaiku wiwitan, inti, lan pungkasan. Supaya luwih cetha bakal diandharake ing ngisor iki.

a. Tahap Wiwitan

Tradhisi ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi minangka tradhisi warisan leluhur kang isih dilestarikake lan ditindakake dening masyarakat Babadan. Tradhisi iki ditindakake dening masyarakat desa Babadan ing saben taun wayah sasi Sura. Nalika nindakake tradhisi ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi kudu ana persiapan kang mateng. Ing tahap wiwitan iki bakal diterangake bab-bab sing diperlokake

ing persiyapane tradhisi kasebut. Supaya luwih cetha ngenani tahap wiwitan, bakal diterangake ing ngisor iki.

1) Nyusun Panitia

Supaya acara mlaku kanthi lancar, saben kagiyatan utawa acara perlu nduweni kepanitiaan. Panitia tugase nyusun kagiyatan-kagiyatan kanthi runtut. Panitia kagiyatan kasusun 2 minggu sadurunge. Tujuwane supaya panitia bisa nyiapake samubarang sing diperlokake sajrone tradhisi kasebut kanthi lancar. Panitia tradhisi Ganti Langse kaperang saka prangkat desa, sesepuh desa, karang taruna, lan masyarakat desa. Cacah panitia tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi iki kurang luwih ana 38 wong. Mbah Marji minangka Juru Kunci petilasan Prabu Kertabumi, ngaturake apa wae sing diperlokake kanggo ngleksanakake tradhisi Ganti Langse kasebut.

2) Kerja Bakti

Tradhisi Ganti Langse ing taun 2012 ditindakake tanggal 14-15 sasi Sura. Sadurunge acara iki ditindakake, seminggu sadurunge para masyarakat desa Babadan nganakake kerja bakti kanggo ngesiki sakupenge papan sing bakal digawe kanggo nindakake tradhisi kasebut. Sarana lan prasarana sing katon rusak didandani lan ditata kanthi apik dening masyarakat. Kerja bakti iki ditindakake dening kabeh masyarakat desa Babadan. Kabeh nom-noman, bapak-bapak, lan para wanita padha gotong royong. Bapak-bapak lan nom-noman padha resesik fisik sakupenge petilasan Prabu Kertabumi. Ewasemono, para wanita padha nyepakake kopi lan jajanan.

3) Nyiapake Papan Panggonan

Acara Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi dilaksanakake rong dina, yaiku tanggal 14-15 Sura. Dina kapisan tanggal 14 Sura minangka intine adicara Tradhisi Ganti Langse. Dina kapindho minangka tahap pungkasan sing dianakake hiburan rakyat, yaiku wayang, kethoprak, lan tari bedaya Srigati. Hiburan kasebut kalebu reroncening adicara Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Saben taun reroncening acara kasebut mesthi dilaksanakake. Mula ing tahap persiapan kanggo acara kasebut, panitia kudu ngatur lan nyiapake panggonan.

4) Nyiapake Piranti lan Ubarampe

Sesajen lan ubarampe minangka piranti sing mesthi diperlokake ing sawijine upacara tradhisi. Sajrone tradhisi Ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi iki nggunakake sesajen lan ubarampe. Nyiapake ubarampe diwiwiti sedina sadurunge tradhisi Ganti Langse ditindakake, yaiku tanggal 13 Sura. Ubarampe lan piranti sajrone tradhisi kasebut diperang dadi loro, yaiku piranti ing tradhisi Ganti Langse lan ubarampe sajrone slametan. Piranti ing tradhisi Ganti Langse kayata kain putih, gendher abang putih, lan menyan. Kapindho ubarampe sajrone slametan kayata gedhang setangkep, sega udak, ingkung pitik, panggang bucu, bucu ayom, tumpeng

kuat beras ketan, kupat lepet, asahan, jenang abang lan putih, kembang telon, kinangan, degan.

b. Tahap Inti Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi

Tahap inti minangka tahap puncaking sawijine acara. Saben kagiyatan sing ditindakake mesthi nduweni inti acara. Semono uga Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi uga nduweni inti acara. Inti acara ditindakake ing tanggal 14 Sura, kawiwitan ing jam 6 sore utawa ba'da salat Maghrib. Tahap inti sajrone upacara Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi kaperang dadi 3 yaiku tradhisi slametan, ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi, lan tradhisi andum langse. Supaya luwih cetha bakal diterangake ing ngisor iki.

1) Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi

Tahap inti sing kapisan yaiku nindakake tradhisi ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Tegese ganti langse ing kene yaiku ganti slambu sing nutupi petilasan Prabu Kertabumi utawa Sinuwun Brawijaya V. Langse utawa slambu sing nutupi yaiku arupa kain putih utawa kain mori. Sing dibutuhake kanggo nindakake upacara iki yaiku langse utawa kain putih, gendera abang putih, menyan, kembang, lan dupa. Sawise piranti-piranti mau jangkep, Bapak Surawan minangka Kepala Desa Babadan miwiti acara kasebut. Acara diwiwiti kurang luwih jam 18.30 WIB.

Sawise Kepala Desa Babadan mbukak acara, sabanjure langse utawa kain putih sing digawa Kepala Desa Babadan diwenehake dening Mbah Marji minangka juru kunci. Banjur Mbah Marji ndonga kanthi cara lungguh, langse lan gendera abang putih diwenehake ing sadhuwure menyan lan dupa. Tujuwane supaya nalika ngetrapake utawa masang langse bisa lancar lan ora ana pepalange. Niyat iku diandharake dening juru kunci petilasan kasebut. Sawise juru kunci nyuwun pangestu anggone arep masang langse, banjur langse diwenehake tumrap pawongan pilihan. Pawongan kang kapilih dening juru kunci banjur miwiti anggone masang langse kasebut. Para sesepuh uga bakal ngrewangi masang langse kasebut.

Sabanjure nalika kabeh kain lan gendera abang putih wus kapasang, Mbah Marji donga lungguh sila lan menehake dupa ing petilasan Prabu Kertabumi kasebut. Mbah Marji ngandharake sukur, amarga kabeh acara ngetrapake langse wus rampung kanthi lancar.

2) Slametan

Tahap inti sing kapindho yaiku adicara utawa tradhisi slametan. Slametan minangka acara sing perlu ditindakake sawise ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Slametan kasebut nduweni tujuwan nyuwun kaslametan lan syukur marang Gusti anggone nindakake tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi bisa lancar tanpa pepalang. Papan panggonan kanggo nganakake slametan yaiku ing joglo cedhak Petilasan Prabu Kertabumi. Joglo kasebut pancen dibangun kanggo nganakake reroncening adicara sing ana gegayutane karo tradhisi Ganti Langse.

Tujuwan saka slametan yaiku nyuwun kaslametan supaya acara bisa lancar. Saliyane iku salmetan kasebut sarana kanggo ngungkapake rasa sukur dumateng Gusti kang paring kabegjan urip. Slametan kasebut ditindakake ing joglo cedhak petilasan. Slametan iki ditekani dening kepala desa Babadan, sesepuh, kawula mudha, masyarakat desa Babadan lan masyarakat umum.

Sawise kabeh masyarakat mlumpuk ing joglo, ubarampe banjur ditata ing tengah-tengahing papan kasebut. Ubarampe sing digunakake kayata gedhang setangkep, sega uduk, ingkung pitik, panggang buceng, buceng ayom, tumpeng kuat beras ketan, kupat lepet, asahan, jenang abang lan putih, kembang telon, kinangan, degan, cok bakal. Sawise kabeh ubarampe lan masyarakat ana ing joglo, sesepuh awit ngandharake niyat slametan.

3) Andum Langse

Sawise nindakake tradhisi ganti langse lan tradhisi slametan, tahap sing pungkasan yaiku nindakake tradhisi andum langse. Kagiyatan iki paling dienteni dening kabeh pawongan. Mula tradhisi andum langse iki akeh ditekani dening masyarakat sing kepengin oleh langse utawa kain kasebut. Langse utawa kain putih sing didumake marang masyarakat yaiku kain sing sadurunge kanggo nutupi Petilasan Prabu Kertabumi. Kain sing lawas dicopot lan didumake marang masyarakat, amarga wus diganti karo kain anyar. Masyarakat antusias pengin nduweni langse kasebut, amarga masyarakat nduweni kapitayan supranatural marang kain bekas kasebut. Masyarakat percaya yen langse utawa kain kasebut nduweni kasekten, bisa dadi jimat kanggo awake dhewe, bisa nambani sawenehing penyakit, lan liya-liyane.

Slambu kasebut nduweni kasiyat kayata bisa nambani penyakit, bisa njaga saka musibah, lan bisa didadekake jimat. Mula akeh pawongan sing kroyokan nalika kain iki didumake. Pawongan sing teka ora mung saka desa Babadan, nanging ana sing saka njaba desa uga ana sing saka jaba kutha Ngawi. Nanging sadurunge ngandum langse utawa kain, juru kunci mbah Marji paring pesen supaya para warga aja percaya marang kaine, nanging percaya marang Pangeran. Kain kasebut mung prantarane wae, aja nganti dadi wong sing musyrik. Saliyane iku para warga diaturi supaya ngamal salilane, supaya kabeh sing dilakoni oleh berkah saka Gusti Kang Maha Kuwasa.

c. Tahap Panutup

Tahap kang pungkasan sajrone reroncening acara iki yaiku tahap panutup. Panutup acara tradhisi ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi dianakake tanggal 15 Sura. Panutupe arupa panglipur sing ditujokake kanggo masyarakat, kayata wayang, tari bedaya Srigati, lan kethoprak. Sanajan asipat panglipur, adicara iki wus dadi reroncening tradhisi ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Saben taun ing dina kapindho, sawise nindakake tradhisi ganti langse mesthi dianakake acara wayang, tari bedaya Srigati, lan kethoprak.

Adicara sing sepisan yaiku kethoprak. Sabanjure nampilake tarian bedaya Srigati, lan sing pungkasan yaiku pagelaran wayang. Adicara panutup iki uga

ditekani dening Bupati Ngawi. Ing adicara panutup iki akeh masyarakat sing teka menyang desa Babadan, yaiku ing Petilasan Prabu Kertabumi. Supaya luwih cetha bakal diterangake ing ngisor iki.

1) Pagelaran Kethoprak

Pagelaran kethoprak minangka adicara kapisan sajroning tahap panutup. Kethoprak sing ditampilake dening para warga Ngawi kanthi jeneng Sri Budaya iki bisa narik kawigatene masyarakat. Paraga kethoprak sing rata-rata isih nom-nom iki bisa nyuguhake panglipur marang kabeh kalangan masyarakat. Nom-noman, wong sepuh, bapak-bapak, ibu-ibu, lan pejabat, kabeh padha teka ing Petilasan Prabu Kertabumi saperlu nonton panutupe tradhisi ganti langse.

Pagelaran kethoprak kasebut ditindakake sawise tradhisi Ganti Langse lan wus dadi acara rutin saben taun. Ngenani lakon kethoprak kasebut saben taun beda-beda. Taun iki lakon kang dicritakake sajrone pagelaran kethoprak yaiku Damarwulan.

Pagelaran kethoprak kanthi lakon Damarwulan kasebut ditindakake kanggo mengeti acara tradhisi ganti langse. Para warga padha antusias ndeleng pagelaran kethoprak. Pagelaran kethoprak kasebut asipat umum kanggo warga, dadi yen kepengin ndeleng acara kasebut ora nganggo iuran utawa gratis. Adicara kasebut pancen ditindakake kanthi tujuan kanggo nglipur rakyat.

2) Tari Bedaya Srigati

Tari khas kutha Ngawi iki wajib dianakake saben mengeti acara Tradhisi Ganti Langse. Tari bedaya Srigati yaiku tarian sakral sing umume dadi tarian upacara adat sajrone ganti langse ing obyek wisata Pesanggrahan Srigati. Tarian iki ditindakake paling sithik limang wong lan kudu ditindakake dening para wanodya sing isih prawan. Para wanodya sing isih prawan nari kanthi nganggo klambi tradhisional kang elok lan endah. Tari bedaya Srigati kang endah kasebut bisa narik kawigatene masyarakat.

Tari Bedaya Srigati minangka tarian kang sakral. Mula saka iku tari kasebut dianakake kanggo mengeti acara-acara sakral lan adat kaya tradhisi-tradhisi ing Srigati. Salah sijine yaiku Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Saben sawise nindakake acara tradhisi ing Srigati, banjur dianakake pagelaran tari Bedaya Srigati. Tari Bedaya Srigati nduweni teges yaiku tari Bedaya kanggo mengeti acara-acara adat utawa tradhisi ing Srigati. Saliyane bab kasebut, tari Bedaya Srigati kudu ditindakake dening wanodya kang isih prawan. Makna ditindakake dening wanodya prawan amarga nuduhake pawongan kang isih resik lan suci.

3) Pagelaran Wayang Kulit

Tahap panutup sing pungkasan lan sing dadi adicara puncak yaiku pagelaran wayang kulit. Pagelaran wayang kulit iki paling narik kawigatene masyarakat sakupenge desa Babadan lan masyarakat saka njaba desa Babadan. Wayang minangka budaya asli Jawa iki ditindakake saben taun ing wayah sasi Sura, saperlu mengeti Tradhisi Ganti Langse. Pagelaran wayang kulit iki asipat wajib lan kudu ditindakake, amarga wus dadi

warisane leluhur saben sabubare nindakake upacara ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi kudu ana pagelaran wayang kulit.

Pagelaran wayang kulit kang ditindakake kasebut kanggo mengeti Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Dhalang kanthi asma Ki Edy Sujadmiko kang asale uga saka Ngawi kasebut nyuguhake lakon sing nggawe penasaran masyarakat. Lakon wayang sing bakal digelar ora dituduhake marang masyarakat kanthi langsung nanging dituduhake nalika miwiti pagelaran. Bab iki sing narik kawigatene masyarakat amarga penasaran karo lakon wayang kulit sing bakal digelar. Lakon kasebut ora langsung dituduhake marang masyarakat, nanging lakon bisa diweruhi nalika miwiti pagelaran wayang kulit. Mula akeh masyarakat kang penasaran marang lakon sing bakal dicritakake. Ing taun iki lakon sing digelar yaiku Semar Mbangun Kahyangan. Lakon kasebut bisa kanggo piwulangan tumrap bebrayan, khusus kanggo para pemimpin. Pemimpin sing becik iku diwiwiti saka resesik awake dhewe dhisik.

4. Wujud Lan Makna Ubarampe Tradhisi Ganti Langse

Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi mbutuhake maneka warna piranti lan ubarampe kanggo nyengkuyung anane upacara kasebut. Sawise mangerteni wujud saka ubarampe, ing kene bakal dijlentrehake ngenani makna. Masyarakat nalika ngandharake samubarang kadhangkala ora diandharake kanthi blaka ngenani makna sejatine samubarang kasebut. Kahanan sing kaya mangkono nduweni tujuan supaya masyarakat mangerteni makna sejati saka bab kang diandharake. Samubarang kang dijlentrehake kanthi ora blaka, njalari masyarakat nuduhake makna kasebut kanthi nganggo sawijine media yaiku arupa simbol.

Simbol minangka titikan kanggo nuduhake makna tumrap manungsa. Simbol tumrap wong Jawa nduweni gegayutan sing raket karo kahanan sosial. Simbol ditemtokake dening manungsa, nanging simbol nduweni pesen lan amanat tartamtu marang panguripane manungsa. Kaya ing Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi, simbol-simbol mau bisa dituduhake lumantar sawijining ubarampe kang digunakake. Ubarampe sing maneka warna kasebut nduweni makna lan tujuan sing uga beda-beda. Senajan nduweni makna kang beda-beda, simbol-simbol kasebut ngandhut piwulang becik tumrap manungsa. Supaya luwih cetha anggone mangerteni makna piranti lan ubarampe sajrone Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

a. Piranti Sajrone Tradhisi Ganti Langse

Piranti sajrone nindakake upacara Tradhisi Ganti Langse asipat wigati lan wajib ana. Supaya mangerteni piranti-piranti sing digunakake bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

1) Langse

Langse yaiku kain putih sing nduweni piguna nutupi petilasan Prabu Kertabumi. Ganti langse yaiku ngganti kain putih sing dadi tutup Petilasan Prabu Kertabumi. Ganti langse kasebut ditindakake setaun pisan ing wayah sasi Sura. Langse mujudake piranti utama. Kain putih utawa langse iki dipasang dening juru kunci lan para sesepuh.

2) Gendera Abang Putih

Kain sing kapindho kanggo nutupi Petilasan Prabu Kertabumi yaiku gendera abang putih. Gendera abang putih iki saben taun uga diganti karo gendera sing anyar. Gendera abang putih dipasang sawise langse dipasang luwih dhisik. Gendera abang putih dipasang dening para sesepuh desa Babadan.

Gendera abang putih yaiku gendera negara Indonesia. Miturut Mbah Marji gendera Indonesia iki dipasang amarga uga nduweni sawijining makna. Supaya pawongan tetep eling lan njaga marang warisan leluhur kasebut. Saliyane iku nuduhake yen masyarakat nduweni rasa tresna marang negara kanthi cara masang gendera ing Petilasan Prabu Kertabumi.

3) Menyan

Piranti sing katelu kang digunakake kanggo upacara tradhisi ganti langse yaiku menyan. Bakar menyan minangka tatacara sadurunge lan sawise nindakake tradhisi ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Kabeh tatacara bakar menyan ditindakake dening juru kunci.

Bakar menyan minangka sarat kanggo nganakake upacara tradhisi. Ing tradhisi ganti langse kudu ana tatacara bakar menyan. Saben mbakar menyan sing ditindakake dening juru kunci nduweni makna tartamtu. Bakar menyan nduwe tujuan kanggo ngilangake sawijining babagan kang ala. Saliyane iku nyuwun pangapura mring Pangeran supaya kabeh kang bakal ditindakake oleh pangestu.

b. Ubarampe Sajrone Adicara Slametan

Kapindho yaiku ubarampe sing digunakake ing adicara slametan. Ubarampe iki wajib dicepakake, amarga wus dadi sarat adicara tradhisi kasebut. Supaya luwih cetha anggane mangerteni, bakal dijlentrehake kayata ngisor iki.

1) Gedhang Setangkep

Gedhang setangkep minangka ubarampe sing wajib ana ing saben upacara tradhisi. Sajrone tradhisi ganti langse iki uga nggunakake gedhang setangkep. Wujude gedhang setangkep yaiku arupa gedhang rong sisir. Umume ing tengah-tengah gedhang setangkep diwenahi kembang telon. Gedhang setangkep nduweni makna yaiku sajroning panguripan iku kudu urip kanthi guyub rukun marang sapa-dha-padha. Masyarakat kudu tansah tulung-tinulung marang masyarakat liya sing mbutuhake pitulungan. Kabeh iku mau minangka bekal urip sing jangkep.

2) Segu uduk

Ubarampe kapindho ing acara Tradhisi Ganti Langse yaiku sega uduk. Segu uduk digawe saka beras putih kang dimasak nganggo santen, uyah, lan godhong salam. Segu uduk nduweni makna dadi piwulangan becik tumrap manungsa. Nalika manungsa nduweni sawijining tujuwan, manungsa kasebut kudu nduweni ati kang resik. Supaya tujuwane bisa kagayuh kanthi cara kang bener lan trep.

3) Ingkung

Ingkung minangka lawuhan sing digawe saka pitik. Pitik sing digunakake yaiku pitik Jawa jinis jago. Wujud ingkunge wutuh tanpa diirisi luwih dhisik. Ingkung dimasak kanthi cara dibakar lan diwenahi bumbu kayata santen, rempah-rempah, lan liya-liya. Ingkung nduweni teges kang becik. Teges kang becik iku bisa didadekake piwulangan tumrap manungsa. Pituduhe yaiku dadi manungsa iku kudu tansah eling aja nganti lali marang Pangeran. Saben rina lan wengi tansah nyuwun pangapura marang Pangeran lan didohake saka sakabehing tumindak ala.

4) Buceng Ayom

Buceng ayom minangka ubarampe sing ana ing upacara tradhisi ganti langse. Buceng ayom yaiku arupa tumpeng ayom utawa tumpeng robyong sing gandhengane panggung pitik. Diarani tumpeng robyong amarga sajrone tumpeng mau akeh maneka macem lelawuhan kayata krawu, endhog, sayuran-sayuran, panggung lan ing dhuwure buceng ana kembang.

Buceng ayom nuduhake pangayoman dening Gusti marang manungsa. Segu minangka gunung nduweni teges supaya luwih cedhak lan dhuwur anggane anenuwun pangayoman mring Gusti. Lawuh sing maneka warna nuduhake pangayoman sing diwenehake tumrap manungsa. Maneka warna panganan utawa lelawuhan mujudake simbol saka kasejahteraan lan kamakmuran.

5) Tumpeng Kuwat

Ubarampe sing kudu ana ing Tradhisi Ganti Langse yaiku tumpeng kuwat. Wujude tumpeng kuwat kaya tumpeng umume, nanging bahane beda. Bahan kanggo nggawe tumpeng kuwat yaiku saka beras ketan. Ing tumpeng kuwat ana maneka warna lelawuhan, kayata srundeng, mie, kering, urap, lan sapiturute. Tumpeng kuwat ngemu makna nyuwun kaslametan lan kakuwatan lair batin marang Pangeran. Saliyane iku nyuwun marang Pangeran supaya masyarakat dikuwatake imane lan didohake saka sakabehing bebaya sarta tumindak ala.

6) Kupat Lepet

Ubarampe sabanjure yaiku kupat lepet. Bahan kanggo gawe kupat lepet yaiku beras putih banjur digodhog ing manci utawa kwali. Wadhah kupat lepet digawe saka janur utawa godhong klapa. Kupat lepet kang nduweni teges kang dituduhake marang sakabehing manungsa supaya tetep eling marang Pangeran. Saliyane iku nyuwun kaslametan lan kuwat ngadhepi prakara urip. Sabanjure manungsa kudu guyup rukun marang manungsa liya.

7) Asahan

Ubarampe sabanjure yaiku arupa asahan. Asahan yaiku panganan ing piring lan ana maneka macem lelawuhan. Lelawuhan iku kayata urap, endhog godhog, sambel kambil, lan sapiturute. Asahan ngandhut makna nalika manungsa nyuwun samubarang marang Gusti, atine kudu tansah pasrah lan ikhlas. Semono uga nalika nindakake Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi, masyarakat kudu nduweni rasa ikhlas lan pasrah supaya kagiyatane bisa lancar saka wiwitan nganti pungkasan.

8) Jenang Abang Putih

Sajroning acara adat lan tradhisi umume ana jenang abang putih. Semono uga sajroning Tradhisi Ganti Langse, jenang abang putih minangka ubarampe sing kudu ana. Jenang digawe saka bahan beras putih sing dimasak karo santen lan sing warna abang ditambahi gula abang. Jenang abang kang ngandhut makna tansah eling marang cikal bakale manungsa. Warna abang kang nuduhake getih abang lan warna putih nuduhake getih putih. Getih abang minangka *segumpal* daging lan getih putih minangka *sperma*. Kekarone minangka asal-usul dumadine manungsa. Sabanjure jenang abang putih mau kanggo pangeling-eling amrih manungsa ora lali marang asal-usule.

9) Jenang Sengkala

Jenang sengkala mujudake salah sawijining ubarampe sajrone Tradhisi Ganti Langse. Jenang sengkala digawe saka beras putih kang dimasak karo santen lan gula abang. Ing sadhuwure jenang sengkala diwenehi sega wara utawa sega putih sathithik. Jenang sengkala sajrone Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi ngandhut makna kanggo nulak sakabehing bebaya sing ana ing alam manungsa lan alam lelembut. Kabeh mau nduweni tujuwan supaya acara Tradhisi Ganti Langse bisa mlaku kanthi lancar saka kawitan nganti pungkasan.

10) Kembang Telon

Kembang kanggo ubarampe ing tradhisi upacara adat kayata Tradhisi Ganti Langse ana telung warna. Kembang kasebut diarani kembang telon. Kembang telon ana telung kembang yaiku kembang kanthil, kembang kenanga, lan kembang mawar. Katelune kembang mau banjur didadekake siji ing sawijine wadhah utawa godhong.

Kembang telon sajrone Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi nduweni makna supaya para manungsa bisa nindakake urip kanthi tumata. Manungsa kudu tansah eling lan ndedonga kanthi ati resik lan pasrah marang Pangeran. Kabeh mau kudu ditindake dening manungsa supaya bisa kapenak uripe.

11) Kinangan

Kinangan minangka ubarampe sajrone Tradhisi Ganti Langse arupa sajen kang isine godhong suruh, gambir, enjet, mbako, lan susur. Sajen kinangan iki

diwadhahi ing sawijine tampah. Kinangan minangka sajen kang dituduhake marang leluhur.

Kinangan sajrone Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi ngandhut makna yaiku supaya manungsa tansah eling marang para leluhure lan ora nglalekake pakulinane para leluhur yaiku pakulinan nginang. Saliyane iku sajroning kinangan uga ngandhut makna yaiku pesen marang manungsa aja kesusu weruh, aja nggampangake samubarang, lan tansah eling marang Pangeran.

12) Rokok Klobot

Rokok klobot minangka salah sawijining ubarampe sajrone Tradhisi Ganti Langse. Aran rokok klobot amarga rokok iki digawe saka klobote jagung. Juru kunci ngarani rokok klobot iku kanthi aran rokok Jawa. Tata cara nggawe rokok klobot yaiku mbako lan cengkeh dibuntel karo klobot, sabanjure ditaleni nganggo tali sing asale saka debog.

Rokok klobot sajrone Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi ngandhut sawijining teges yaiku nduweni pesen tumrap wong Jawa supaya ora lali marang Jawane. Masyarakat Jawa kudu tansah eling marang para leluhur, lan nguri-uri budaya Jawa. Saliyane iku masyarakat kudu tansah eling marang Pangeran.

13) Degan

Ubarampe sing pungkasan sajrone Tradhisi Ganti Langse yaiku degan. Degan yaiku arupa kambil sing isih nom umume awarna ijo. Degan minangka ubarampe sing wajib ana ing acara tradhisi ganti langse. Cacahe degan sing dicepakake ing upacara Tradhisi Ganti Langse yaiku ana loro.

Degan sajrone Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi ngemu makna yaiku nuduhake marang manungsa, wong urip iku kudu nduweni kapribadhen sing lugu. Kanthi kaya mangkono, manungsa bisa nggayuh sawijine samubarang lumantar ngarsane Pangeran. Degan nggambarake njaba ala sing njero resik lan putih.

5. Makna Filosofis Tradhisi Ganti Langse Ing Petilasan Prabu Kertabumi

Masyarakat Jawa percaya yen sajroning panguripan lan samubarang ing donya iki ngandhut filsafat. Tujuwan filsafat kasebut kanggo nggayuh urip kang sejati. Yen manungsa wus bisa nggayuh urip kang sejati mula manungsa kasebut bisa sampurna lan wicaksana. Masyarakat Jawa uga nduweni panemu, filsafat iku ngandhut pasemon. Pasemon kang dituduhake marang manungsa mau asipat ora langsung, nanging lumantar simbol tartamtu kang kinandhut sajroning samubarang. Ing bebrayan Jawa nganggep ing sajrone kabudayan iku ngandhut makna filosofis.

Panliten ngenani Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi nggunakake konsep filsafat kanggo nintingi makna filosofi sajrone tradhisi kasebut. Panliten tradhisi ganti langse iki nggunakake konsep filosofi kang diandharake dening Saryono (2011), ngenani nilai filosofis sajrone budaya Jawa. Makna

filosofis sajrone tradhisi kasebut ngandharake ngenani nilai kamapanan, nilai kasalarasan, lan nilai bebarengan. Supaya luwih cetha ngenani makna filosofi sajrone Tradhisi Ganti Langse bakal diandharake ing ngisor iki.

a. Nilai Kamapanan

Mapan nduweni teges yaiku manggon ing papan kang prayoga (Poerwadarwinto, 1937:295). Mapan miturut wong Jawa yaiku gegayutan karo papan panggonan, ukuran, usaha, hak lan kuwajiban ing alam donya kanthi teges jembar. Kamapanan kasebut minangka kodrat utawa fitrah. Nilai kamapanan dumadi ora ing manungsa wae, nanging uga dumadi marang saliyan manungsa. Kabeh mau uga nduweni nilai kamapanan dhewe-dhewe.

Sajrone budaya Jawa, kamapanan nduweni titikan arupa anane pepesthen, keteraturan, lan keajegan. Ditegesi kaya mangkono amarga sakabehing kang wus mesthi, tumata, lan ajeg bakal mapan uripe. Semono uga sakabehing kang mapan diwawas kanthi pasti, tumata, lan ajeg. Kaya dene manungsa tartamtu kang wus mesthi panggaweyane, ana asile, lan nduweni kalungguhan diarani mapan utawa ana ing sajrone kamapanan. Mula saka iku nilai kamapanan *terartikulasikan* lan *termanifestasikan* sajrone nilai pepesthen, nilai *keteraturan*, lan nilai kaajegan.

1) Nilai Pepesthen

Pepesthen yaiku lelakon kang wis ditemtokake ing kersaning Allah (Poerwadarminto, 1937:488). Pepesthen wong Jawa ing kene gegayutan karo ketetapan, kejelasan, lan ketertentuan ing panguripane manungsa Jawa. Nilai pepesthen ora bisa diowahi lan disingkrihi dening sapa wae lan apa wae.

Manungsa Jawa tansah percaya, ngormati, nglakoni, lan njaga pranata mangsa supaya nilai pepesthen tetep kajaga lan kerumat. Kaya dene masyarakat desa Babadan kang tansah nindakake tradhisi Ganti Langse. Bab kasebut nuduhake masyarakat isih tetep njaga nilai-nilai kang ana ing tradhisi kasebut. Nilai pepesthen kasebut kaya kang diandharake ing ngisor iki.

“Dadi manungsa iku kudu terus donga mring ngersane Gusti, kabeh kuwi wus ana sing ngatur. Kita amung bisa terus mlaku lan terus donga marang Gusti”. (Marji, 1 Juni 2013)

Andharan kasebut bisa diterangake yaiku sakabehing prakara ing donya iki sejatine wus diatur dening Gusti. Manungsa ora bisa ngowah-ngowahi apa kang wus dadi pepesthene Gusti. Manungsa mung bisa dedonga marang Gusti supaya oleh kaslametan lan kamakmuran ing sajrone urip.

2) Nilai Keteraturan

Teratur yaiku kahanan kang runtut lan urut (Poerwadarminto, 1937:262). Nilai pepesthen ora bakal ana yen ora didampingi karo nilai *keteraturan* manungsa Jawa uga suwalike nilai *keteraturan* ora bakal ana yen ora didampingi karo nilai pepesthen. Mula kalorone

nduweni gegayutan kang tansah nyengkuyung antara siji lan sijine.

Tradhisi Ganti Langse uga ana nilai *keteraturan*, yaiku *keteraturan* nindakake tradhisi kanthi cara kang wus dadi paugeran saka leluhur. Kayata tanggal nglaksanakake tradhisi, nindakake slametan, ubarampe kang digunakake sajrone tradhisi kasebut. Sakabehing mau ora oleh diubah lan ditinggalake, amarga kabeh mau wus ana ketaraturane wiwit jaman biyen. Bab kang nuduhake nilai *keteraturan* ing tradhisi kasebut kaya ing ngisor iki.

“Tradhisi ganti Langse ditindakake ing sasi Sura tanggal 14-15. Tradhisi kasebut diwiwiti tanggal 14 bakda maghrib nganti sabubare adicara. Sing kapisan yaiku nindakake ganti langse sajrone Petilasan Prabu Kertabumi, kapindho yaiku slametan, kang pungkasan yaiku andhum langse. Nalika tanggal 15 yaiku acara hiburan kayata pagelaran kethoprak, tari Bedaya Srigati, lan wayang”. (Surawan, 25 November 2013)

Andharan mau nuduhake yen tradhisi ganti langse ana nilai *keteraturan* ing sajrone tatarakite. Yaiku *keteraturan* sajrone netapake tanggal lan tatalaku nglaksanakake tradhisi kasebut. Tradhisi kasebut ditindakake saben taun ing tanggal 14-15 sasi Sura. Mula saka iku netapake tanggal sajrone tradhisi Ganti Langse bisa kalebu ing nilai *keteraturan*.

3) Kaajegan

Ajag yaiku asipat tetep utawa ora bisa diowah-owahi (Poerwadarminto, 1937:3). Nilai kaajegan uga nduweni sesambungan karo nilai pepesthen lan nilai keteraturan. Kaajegan butuhake nilai pepesthen lan nilai keteraturan, uga suwalike nilai pepesthen lan nilai keteraturan. Nilai kaajegan Jawa nduweni teges lumintu, mili, lan semulur kang penting sajrone budaya Jawa.

Tradhisi Ganti Langse uga ngandhut nilai kaajegan tumrap masyarakat. Nilai kaajegan kasebut arupa slametan lan kirim donga marang leluhur ing Petilasan prabu Kertabumi. Kanthi kaajegan dedonga kang dilakoni dening masyarakat kasebut bakal dikabulake dening Gusti.

“Saben sasi Sura masyarakat padha dedonga ing Petilasan Prabu Kertabumi. Masyarakat uga nindakake slametan ing tanggal 14 Sura. Tujuwane supaya slamet saka sakabehing bebaya lan tansah oleh kabegjan urip”. (Marji, 1 Juni 2013)

Andharan kasebut bisa diterangake yen anane kaajegan sajrone dedonga. Masyarakat nindakake dedonga ing Petilasan Prabu Kertabumi ing wayah sasi Sura amarga masyarakat percaya yen sasi Sura iku wulan kang wigati kanggo wong Jawa. Kaajegan dedonga kasebut ditindakake masyarakat supaya oleh kaslametan sajrone urip ing alam donya. Nanging kabeh mau bisa kinabulan yen manungsa bisa nrima, ngormati, lan nglakoni nilai keajegan kanthi rasa percaya lan syukur.

b. Nilai Kasalarasan

Laras yaiku wis runtut utawa cocog karo kahanane (Poerwadarminto, 1937:262). Nilai kasalarasan manungsa Jawa gegayutan karo *kaseimbangan* antaraning sakabehing unsur alam donya lan manungsa Jawa. Anataraning nilai kasalarasan lan nilai kamapanan nduweni gegayutan, amarga kasalarasan bisa ngasilake kamapanan lan suwalike kamapanan bisa ngasilake kasalarasan sajrone urip bebrayan. Manungsa Jawa percaya tumrap sakabehing samubarang iku nduweni gegayutan lan wus ana ing kahanan kang selaras, imbang, lan babag.

Kasalarasan utawa kahanan laras kudu terus dijaga lan dilestarikake. Manungsa Jawa ora kena ngganggu lan ngrusak kasalarasan kasebut. sakabehing pitutur, tumindak, lan patarp manungsa Jawa minangka makhluk sosial lan spiritual ora kena ninggalake kasalarasan, nanging kudu tansah nyengkuyung kagayuh kasalarasan utawa kahanan laras. Kasalarasan bisa dijaga lan ditingkatake kanthi anane nilai kajatmikan, nilai karukunan, nilai pakurmatan, lan nilai kaagungan.

1) Nilai Kajatmikan

Jatmika yaiku tansah nganggo tata-trapsila tumrap tumidak (Poerdarminto, 1937:83). Nilai kajatmikan manungsa Jawa nduweni gegayutan karo *kesimpatian*, *keempatian*, *kemenarikan*, pitutur, lan tumindak marang manungsa liya lan alam sakitare. Sajrone urip ing bebrayan manungsa Jawa kudu bisa jatmika, grapyak, semmanak, blater, sumeh, merak ati, lan seneng aruh-aruh.

Nilai kajatmikan kasebut uga ana ing tradhisi Ganti Langse. Nilai kajatmikan ing tradhisi kasebut arupa rasa empati ing saben-saben masyarakat. Antaraning wong siji lan sijine uga nduweni rasa empati, yaiku bisa ngrasakake apa kang dirasakake wong liya. Rasa empati kasebut dituduhake nalika nyiapake ubarampe, kaya andharan ing ngisor iki.

“Nalika nyiapake ubarampe, rasa pangerten ing antaraning masyarakat kudu ana. Yen ana sing lagi kasusahan nyiapake ubarampe, masyarakat liya padha tulung tinulung. Senajan ora ana sing ngongkon kabeh wus padha ngerti dhewe-dhewe”. (Marji, 1 Juni 2013)

Andharan mau nuduhake ing antaraning manungsa liya lan liyane nduweni nilai kajatmikan. Nilai kajatmikan sajrone tradhisi Ganti Langse bisa dideleng nalika nyiapake ubarampe. Ing antaraning masyarakat siji lan siji padha tetulung nalika nyiapake ubarampe kasebut.

2) Nilai Karukunan

Rukun yaiku ora pasulayan utawa guyub (Poerwadarminto, 1937:532). Nilai karukunan manungsa Jawa gegayutan karo urip kang rukun, ayem tentrem, lan ora ana masalah sajrone urip bebrayan. Karukunan utawa kahanan rukun minangka kahanan kang ayem, urip bebarengan, lan ora padudon ing antaraning anggota masyarakat. Saben manungsa Jawa kudu bisa njaga lan nglestarikake kahanan kasebut.

Nilai karukunan uga ana ing tradhisi Ganti Langse. Nilai karukunan kasebut arupa karukunan masyarakat sajrone nindakake tradhisi. Antaraning wong siji lan sijine nduweni kasalarasan, kakompakan, lan keayeman. Tuladhane nalika nyiapake ubarampe lan acara mangan ambeng bareng sabubare slametan. Kahanan kasebut uga bisa nambah karukunan antaraning wong siji lan sijine. Kaya andharan ing ngisor iki.

“Sajrone tradhisi Ganti Langse iki kabeh masyarakat padha tulung tinulung bebarengan gotong royong nyiapake sakabehing sing diperlukake. Saka kahanan iki bakal bisa ndadekake kaukunan ing antaraning masyarakat”. (Surawan, 25 1 Juni 2013)

Andharan mau nuduhake kahanan kang bisa ndadekake karukunan sajrone urip bebrayan. Karukunan bisa dideleng nalika masyarakat padha tulung tinulung nyiapake ubarampe lan mangan ambengan bebarengan tanpa mbedakake kalungguhan lan status sosial. Dikarepake karukunan utawa kahanan rukun bisa dilestarikake supaya kacipta kahanan kang ayem tentrem.

3) Nilai Pakurmatan

Kurmat yaiku urmat, ngajeni, utawa tata-pranata kang becik (Poerwadarminto, 1937:239). Nilai pakurmatan manungsa Jawa gegayutan karo ketakziman, kekhidmatan, kehormatan, lan keberhargaan antaraning manungsa lan alam donya. Sakabehing manungsa Jawa diwajibake njaga, nglestarekake, lan ngugemi nilai pakurmatan utawa kahanan kurmat sajrone urip bebrayan. Pakurmatan iku dumunung marang wong kang luwih tuwa, marang sesepuh, marang masyarakat liya, lan marang pawongan kang nduweni kalungguhan.

Nilai pakurmatan uga ana ing tradhisi Ganti Langse. Nilai kasebut dituduhake masyarakat kang ngormati para sesepuh. Tuladha anane nilai pakurmatan yaiku nalika miwiti ganti langse sajrone petilasan Prabu Kertabumi. Kanggo ngormati kepala desa minangka pemimpin desa, acara kasebut diwiwiti dening bapak Surawan minangka Kepala Desa Babadan. Kaya kang andharake dening mbah Marji ing ngisor iki.

“Senajan ing petilasan Prabu Kertabumi iki ana juru kuncine, nanging sing miwiti acara ganti langse yaiku kepala desa Babadan. Bab kasebut ditindakake kaya mangkono amarga kanggo ngormati kepala desa sing nduwe desa iki”. (Marji, 25 November 2012)

Andharan mau nuduhake rasa kurmat kang ditindakake dening masyarakat marang pawongan kang nduweni kalungguhan. Nilai pakurmatan ing tradhisi kasebut yaiku kepala desa kang nduweni kalungguhan miwiti acara. Senajan ing petilasan kasebut nduweni juru kunci lan para sesepuh liya, nanging tumindak kasebut kanggo nuduhake rasa kurmat marang pawongan kang dadi pemimpin desa. Mula kaya mangkono sakebebing manungsa Jawa tansah bisa ngajeni, kurmat, sungkan,

lingsem, bisa rumangsa, ngerti papan, lan bisa njaga praja supaya kasalarasan ing urip bebrayan bisa tetep kajaga.

4) Kaagungan

Agung yaiku gedhe, mulya lan adilihung (Poerwadarminto, 1937:4). Nilai kaagungan manungsa Jawa gegayutan marang kahanan kang becik, elok, endah, lan bagus. Sajrone budaya Jawa nilai kaagungan iki dianggep penting, amarga kanggo njangkepi nilai kajatmikan, karukunan, lan pakurmatan kanggo nyengkuyung lan njaga nilai kasalarasan. Nilai kaagungan kasebut bisa dumadi ing basa, tari, kriya, lan manungsa.

Ing tradhisi Ganti Langse uga nuduhake sawijine nilai kaagungan. Nilai kasebut dituduhake pusaka-pusaka kang ana ing sajrone petilasan Prabu Kertabumi. Pusaka kasebut kayata keris, tombak, mahkota, lan jubah raja. Nilai kaagungan kasebut kalebu ing seni kriya. Kaya kang diandharake dening mbah Marji ing ngisor iki.

“Sajrone petilasan Prabu Kertabumi ana maneka warna pusaka, kayata keris, tombak, mahkota, lan jubah raja. Senajan umure pusaka kasebut wus suwi, nanging pusaka kasebut isih katon endah”. (Marji, 25 November 2012)

Andharan mau nuduhake nilai kaagungan kang kagambar saka pusaka-pusaka sajrone petilasan Prabu Kertabumi. Kaagungan kasebut kalebu ing seni kriya. Saliyane seni kriya nilai kaagungan uga bisa dituduhake ing kahanan manungsa yaiku keslametan lan kaberkahan. Cara manungsa kang bisa nyelarasake pitutur, tumindak lan solah bawa uga kalebu ing nilai kaagungan. Mula manungsa Jawa kudu bisa mujudake lan nerangake babagan kang edipeni, adilihung, elok, endah sajrone pitutur, tumindak, lan solah bawa saengga bisa kawujud kasalarasan.

c. Nilai Bebarengan

Bareng yaiku tunggal wektu anggone tumindak utawa bebarengan (Poerwadarminto, 1937:31). Nilai bebarengan ora bisa dipisahake karo nilai kamapanan lan nilai kasalarasan, dadi katelu nilai kasebut nduduweni gegayutan. Bisa diarani mangkono amarga kamapanan lan kasalarasan bisa mujudake kahanan kang bebarengan antara siji lan sijine.

Nilai bebarengan sajrone tradhisi ganti langse bisa dituduhake sajrone kerja bakti, tata lakune tradhisi kasebut, lan acara slametan. Kagiyatan-kagiyatan kasebut ana rasa bebarengan marang manungsa siji lan sijine. Kabeh manungsa katon guyub rukun bebarengan nindakake tradhisi kasebut. Nilai bebarengan iku dumadi amarga anane nilai kaluwargan, nilai tulung-tinulung, nilai gotong-royong, lan nilai katentreman.

1) Nilai Paseduluran

Warga yaiku sanak-sedulur, kang nunggal jinis (golongan), lan wong sing dadi gegelitaning pakumpulan (Poerwadarminto, 1937:656). Nilai paseduluran manungsa Jawa gegayutan karo kasatuan, panglompokan,

lan paseduluran antaraning manungsa lan alam donya. Manungsa Jawa percaya ing sakabehing unsur alam donya lan manungsa sejatine siji kaluwarga gedhe.

Nilai paseduluran uga ana ing tradhisi Ganti Langse. Nilai paseduluran dituduhake nalika kabeh masyarakat nyengkuyung tradhisi kasebut. Paseduluran uga digambarake ing upacara slametan. Nalika mangan ambengan, kabeh masyarakat padha anggone oleh panganan. Ora ana kang dibedak-bedakake antara wong siji lan sijine, kabeh rata. Kaya kang diandharake mbah Marji ing ngisor iki.

“Ing urip bebrayan iku kita kudu njaga paseduluran antaraning masyarakat. Kaya sing digambarake ing slametan, senajan olehe mung sithik nanging kabeh masyarakat rata anggone oleh panganan”. (Marji, 25 November 2012)

Andharan kasebut nuduhake nilai paseduluran sajrone acara slametan ing tradhisi Ganti Langse. Kabeh masyarakat urip bebarengan kanthi rukun antara siji lan sijine. Mula manungsa Jawa kudu tansah njaga, ngindhungi, lan nindakake nilai paseduluran. Supaya nilai paseduluran bisa ndadekake masyarakat urip kanthi bebarengan.

2) Nilai Tulung-tinulung

Tulung-tinulung nduweni teges aweh pambantu (pasumbang, kakuwatan lsp) marang liyan (Poerwadarminto, 1937:612). Nilai tulung-tinulung antaraning manungsa dumadi amara anane rasa mbutuhake, gumantung, lan tetulung marang wong siji lan sijine. Wong Jawa percaya anane rasa tulung-tinulung samubarang iku bisa ndadekake manteb lan bisa nglestarikake unsur-unsur alam lan manungsa.

Nilai tulung-tinulung uga ana ing sajrone tradhisi Ganti Langse. Kaya tulung-tinulung ing antaraning masyarakat nyiapake upacara tradhisi kasebut. Tulung-tinulung uga dituduhake nalika nyiapake piranti lan ubarambe tradhisi. Kaya kang diandharake dening mbah Marji ing ngisor iki.

“Kabeh masyarakat padha tetulung nyiapake tradhisi ganti Langse. ora ana sing beda-beda, yen siji kasusahan sing sijine ngrewangi supaya entheng anggone nyambut gawe”. (Marji, 25 November 2012)

Andharan mau nuduhake tulung-tinulung sajrone tradhisi Ganti Langse. Tujuwan tetulungan antara wong siji lan sijine yaiku supaya ngenthengake anggone pakaryan. Tulung-tinulung bisa dicakake dening masyarakat kanthi cara pitutur, tumindak, lan solah bawa. Manungsa Jawa kudu tansah njaga lan nglestarikake rasa tulung-tinulung, amarga nilai kasebut bisa nuwuhake nilai bebarengan ing urip bebrayan.

3) Nilai Gotong-royong

Gotong-royong yaiku tumnandang ing gawe kanthi bebarengan (Poerwadarminto, 1937:160). Nilai gotong-royong ing bebrayan Jawa sesambungan karo paseduluran, kelompok, kabersaman antaraning

manungsa ilya lan liyane. Nilai gotong-royong uga nduweni gegayutan kang timbal balik antaraning nilai paseduluran lan nilai kakeluwargan. Gotong-royong dumadi ing tradhisi rembug desa, kerja bakti, gugur gunung, lan kerig desa. Ing budaya Jawa, gotong-royong bisa ndadekake masyarakat urip kanthi makmur, adhem ayem, lan slamet.

Nilai gotong-royong uga ana ing tradhisi Ganti Langse. Gotong-royong dituduhake nalika para masyarakat kerja bakti nyipake tradhisi kasebut. Kaya andharan ing ngisor iki.

“Sadurunge nindakake tradhisi ganti Langse, para masyarakat desa Babadan padha ngenekake kerja bakti. Kebeh masyarakat padha gotong royong resesik sakupenge petilasan”.

(Surawan, 18 April 2013)

Andharan kasebut nuduhake rasa gotong royong antaraning masyarakat desa Babadan kerja bakti nyiapake tradhisi Ganti Langse. tanpa mandang kalungguhan lan jabatan, kabeh masyarakat guyub rukun bebarengan nindakake kerja bakti. Mula saka iku manungsa Jawa tansah njaga, nlestarikake, lan nindakake nilai gotong-royong supaya bisa cinipta nilai bebarengan ing urip bebrayan.

4) Nilai Katentreman

Tentrem yaiku ora goreh, ora rusuh, lan bisa nggawe kaleremaning ati (Poerwadarminto, 1937:602). Nilai katentreman manungsa Jawa gegayutan karo kahanan kang tenang, aman, resik, lan ayem tetrem lahir lan batin. Supaya bisa muwujdake nilai bebarengan, nilai katentreman tansah kudu lunaku karo nilai kakeluwargan, nilai tulung-tinulung, lan nilai gotong-royong. Wong Jawa percaya yen ketentreman minangka syarat kaciptane nilai bebarengan kang makmur sajrone urip.

Nilai katentreman uga ana ing tradhisi Ganti Langse. Katentreman dituduhake nalika nindakake tradhisi kasebut. amarga tujuwan saka tradhisi kasebut yaiku supaya bisa nggayuh katentreman ing bebrayan, urip mulya, lan tentrem lahir batin. Kaya andharang dening mbah Marji ing ngisor iki.

“Tradhisi Ganti Langse iki nduweni tujuwan nggawe katentremaning urip. Nanging kabeh bisa kawujud yen manungsa bisa njaga nafsu lan tansah eling marang Gusti”.

(Marji, 25 November 2012)

Andharan kasebut nuduhake nilai katentreman sajrone tradhisi Ganti Langse. Masyarakat nindakake tradhisi kasebut saben taun supaya bisa nggayuh katentreman sajrone urip. Katentreman bisa digayuh yen manungsa iku bisa njaga tumindak, pitutur, solah bawane, lan tansah dedonga marang Gusti. Kanthi cara kasebut nilai katentreman bisa terus dilestarikake lan nilai bebarengan bisa kawujud sajrone urip bebrayan.

d. Nilai Religi

Nilai religi wong Jawa gegayutan marang piwulang-piwulang lan pangandel tuwin tindak kautaman. Saben masyarakat nduweni cara kang beda-

beda kanggo nindakake kautamane marang Gusti. Kanggo manungsa Jawa panguripan roahni kang paling penting yaiku olah batin. Kabeh mau ditindakake dening manungsa Jawa nduweni tujuwan supaya sajrone urip tansah oleh kaslametan lan bisa nyingkirake saabehing sengkala.

Nilai religi uga kagambar sajrone tradhisi Ganti Langse. Nilai kasebut kagambar nalika nindakake adicara slametan. Slametan nuduhake rasa pangrasa manungsa kang dedongan nyuwun kaslametan urip marang Gusti. Kaya kang diandharake dening mbah Marji ing ngisor iki.

“Akeh masyarakat kang nekani acara slametan. Sajrone slametan kasebut masyarakat biasane nduweni pepinginan supaya oleh kaslametan lan kabegjan. Dadi bisa ditegesi yen slemetan kuwi salah siji cara kanggo dedonga mring Gusti Kang Maha Kuwasa”.

(Marji, 18 April 2013)

Andharan kasebut bisa diterangake yen nilai religi kagambar sajrone acara slametan ing tradhisi ganti langse. Acara slametan bisa dadi salah sijine cara kanggo dedongan marang Gusti. Masyarakat kang akeh kang teka ing slametan kasebut lan dedongan supaya oleh kaslametan urip nuduhake anane nilai religi sajrone slametan.

D. PANUTUP

1. Dudutan

Adhedasar andharan asiling panliten ngenani *Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi* bisa diandharake sawenehing dudutan kayata mula bukane tradhisi kasebut, tata lakune tradhisi kasebut, wujud lan makna ubarampe, lan makna filosofis sajrone tradhisi kasebut.

Mula bukane tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Miturut crita saka para leluhur papan panggonan kasebut disinggahi dening Raden Brawijaya V utawa Prabu Kertabumi. Saka papan kasebut Prabu Kertabumi oleh hidayah supaya nindakake lelaku menyang Gunung Lawu lan bakal ganti gelar Sunan Lawu. Kanggo mengeti kadadeyan kasebut, mula saben taun ing wayah sasi Sura dianakake tradhisi ganti langse.

Tata lakune tradhisi ganti langse kang ditindakake wiwit tanggal 14 nganti 15 Sura utawa tanggal 28-29 November 2012. Tatalakune upacara tradhisi kasebut kaperang dadi telung trap-trapan, yaiku wiwitan, inti, lan pungkasan. Tahap wiwitan yaiku tahap persiapan kayata nyusun panitia, kerja bakti, nyiapake papan panggonan, lan nyiapake ubarampe lan piranti. Tahap inti kayata upacara ganti langse, slametan, lan andhum langse. Tahap pungkasan yaiku pagelaran wayang kulit, tari bedaya Srigati, lan kethoprak.

Wujud lan ubarampe sajrone tradhisi ganti langse. sajrone bab iki bakal diperang dadi loro yaiku piranti sajrone tradhisi ganti langse lan ubarampe sajrone slametan. Piranti sajrone tradhisi ganti langse kayata langse, gendera abang putih, lan menyan. Lan ubarampe sajrone slametan kayata gedhang setangkep, sega uduk, ingkung pitik, panggang buceng, buceng ayom, tumpeng

kuat beras ketan, kupat lepet, asahan, jenang abang lan putih, kembang telon, kinangan, degan. Sawise mangerteni wujud saka ubarampe, ing kene bakal dijilentrehake ngenani makna.

Makna filosofis sajrone tradhisi ganti langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Makna filosofis sajrone tradhisi kasebut ngandharake ngenani nilai kemapanan, nilai kasalarasan, lan nilai bebarengan. Sajrone nilai-nilai kasebut bakal diperang maneh. Nilai kamapanan bisa kawujud yen ana nilai pepesthen, nilai *keteraturan*, lan nilai kaajegan. Nilai kasalarasan bisa dijaga lan ditingkatake kanthi anane nilai kajatmikan, nilai karukunan, nilai pakurmatan, lan nilai kaagungan. Nilai bebarengan iku dumadi amarga anane nilai kaluwargan, nilai tulung-tinulung, nilai gotong-royong, lan nilai katentreman. Kang pungkasan yaiku nilai religi sajrone tradhisi kasebut.

2. Pamrayoga

Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi minangka warisan leluhur kang kudu dijaga. Tradhisi kasebut ora mung duweke warga Ngawi wae, ananging tradhisi kasebut minangka peranganing kabudayan nuswantara kang perlu dilestarikake lan dikenalake marang bangsa liya. Supaya bisa dikenal dening masyarakat njaba, pamarintah kudu melu cawacewa nglestarikake lan ngenalake tradhisi kasebut. Ora mung pamarintah wae, nanging masyarakat Ngawi uga kudu tansah nguri-nguri lan njaga anane tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi saka gingsire jaman.

Yen tradhisi kasebut terus dijaga lan dilestarikake, tradhisi kasebut uga bisa menehi sumbangan referensi kanggo masyarakat umum ngenani Tradhisi Ganti Langse ing Petilasan Prabu Kertabumi. Mula saka iku kita minangka generasi mudha kudu terus njaga lan nglestarikake, supaya generasi sapiturute isih bisa mangerteni tradhisi kang ana ing kutha Ngawi kasebut.

KAPUSTAKAN

- Afifuddin. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: pustaka Setia
- Arikunto, Suhaimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Yogyakarta: Rineka Cipta
- Bakker, Anton dan Achmad Charris Z. 1990. *Metodologi Pengertian Filsafat*. Yogyakarta: Kanisius
- Bakker, J.W.M. 1990. *Filsafat Kebudayaan – Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Kanisius
- Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pusaka Grafitipers
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta: Ombak
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan*. Surabaya: PT Hiski
- Koentjara, Esther. 2006. *Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Koentjaraningrat. 1983. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka

- _____. 1987. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia
- _____. 2002. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Jakarta: Djembatan
- Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara
- MH, Yana. 2010. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Absolut
- Moleong, Lexy J. 2011. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya
- Najid, Moh. 2009. *Perubahan Kebudayaan Jawa*. Surabaya: University Press
- Poerbatjaraka. 1952. *Kapustakan Djawi*. Jakarta: Djembatan.
- Poerwadarminta, WJS. 1939. *Bausastra Djawa*. Jakarta: J. B. Wolters' Uitgevers atau Maatchappij N.V. Groningen.
- Poerwadarminta, 1984. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- Purwadi dan Djoko Dwiyanto. 2006. *Fils*. 102 . Yogyakarta: Panji Pustaka
- Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Nilai Budaya Jawa*. Yogyakarta: Aditya Media Publishing
- Sutrisno, Mudji dan Hendar Putranto. 2005. *Teori-Teori Kebudayaan*. Yogyakarta: Kanisius
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana
- Sumaryono, E. 1999. *Hermeneutik Sebuah Metode Filsafat*. Yogyakarta: Kanisius
- Teew, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Tim Redaksi. 2003. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- Indratmo, Aloysius. 2010. *Bedaya Ketawang dan Latar Belakang*. <http://aloyusindratmo.blogspot.com>. Diakses Senin, 01 Juli 2013, 23.20 WIB.
- Kartika, Bayu. 2011. *Bedhaya Ketawang Dan Segala Ceritanya*. <http://learningmacapat.wordpress.com>. Diakses Selasa, 02 Juli 2013, 00.23 WIB.
- _____. 2011. *Tari Bedhaya Budaya Indonesia*. <http://jenisbudayaindonesia.blogspot.com>. Diakses Selasa, 02 Juli 2013, 00.15 WIB.
- _____. 2013. *Kabupaten Ngawi*. <http://wiki.aswajanu.com>. Diakses Selasa, 2 Juli, 00.36 WIB.
- _____. 2008. *Tari Bedaya*. <http://jelajahjogja.blogspot.com/>. Diakses Selasa, 02 Juli 2013, 00.47 WIB.